**2025-2026 oqıw jılı ekinshi hám onnan keyingi joqarı maǵlıwmat alıw ushın húјjet tapsırǵan abiturientlerden qániygelik páninen imtixan**

## DÁSTÚRI

Usı dástúr Ózbekstan Respublikası Joqarı oqıw orınların pitirip ekinshi hám onnan keyingi joqarı maǵlıwmat alıw maqsetinde hújjet tapsırǵan abiturientler ushın islep shıǵılǵan. Dástúr ekinshi qániygelik alıw ushın hújjet tapsırǵan abiturientlerdiń qánigelik páninen imtixannan ótkeriw kózde tutılǵan.

Respublikamızda ekinshi hám onnan keyingi tálim alıw Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınlarına qabıl etiw boyınsha Mámleketlik komissiya tárepinen 2008-jıl 13-avgusttaǵı 15-sanlı bayanı menen tastıyıqlanǵan Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınlarında ekinshi hám onnan keyingi tálim alıw tártibi haqqındaǵı Nızam, Ministrler Kabinetiniń 2017-jıl 21-noyabrdegi 930-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan «Joqarı oqıw orınlarında sırtqı (arnawlı sırtqı) tálimdi shólkemlestiriw haqqında»ǵı reje, Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınlarına oqıwǵa qabıl etiw boyınsha mámleketlik komissiyasınıń 2022-jıl 25-avgustdaǵı 4-sanlı bayanı 2 qosımshası tiykarında tártipke salınadı.

Abiturientler ushın qániygelik páninen ótiw sınaqları (sáwbet) nıń biletleri (variantları) joqarı tálimniń mámleket tálimi standartı hám qániygelik tálimi jónelisi tájiriybe talapları, Ózbekstan Respublikası joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan pán dástúrleri talaplarınan kelip shıqqan halda dúzilgen.

Ekinshi hám onnan keyingi joqarı (orta arnawlı, kásip-óner) maǵlıwmat alıw ushın kadrlar tayarlaw huqıqına iye oqıw orınları dizimi hám de joqarı oqıw orınlarında olardın bakalavriat hám magistraturasına qabıllaw kórsetkishleri real ekonomikalıq tarmaqları ushın tájiriybeli kadrlarǵa bolǵan talaplarǵa hám de oqıw orınlarınıń ilimiy pedagogikalıq dárejesi hám materiallıq bazasın esapqa alǵan halda Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınlarına qabıl etiw boyınsha 2008-jıl 13-avgusttaǵı 15-sanlı bayanı menen tastıyıqlanǵan Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınlarında ekinshi hám onnan keyingi tálimdi alıw tártibi haqqındaǵı reje mamleketlik komissiyası tárepinen belgilenedi.

Ekinshi hám onnan keyingi (orta arnawlı, kásip óner) maǵlıwmat alıw ushın abiturientlerdi qabıllawdı oqıw orınları qabıllaw komissiyası ámelge asıradı. Ekinshi hám onnan keyingi joqarı tálim boyınsha qabıllaw kórsetkishleri oqıw orınları ushın ulıwma tálim jónelisleri (qánigelikler) boyınsha ornatılǵan qabıllaw rejesinen (sáykes tárizde bakalavriat hám magistratura boyınsha) artıq bolmawı kerek.

**Ekinshi hám onnan keyingi joqarı maǵılwmat alıw ushın hújjet tapsırǵan abiturientlerdiń tayarlıq dárejesine qoyılatuǵın ulıwmalıq talaplar:**

- kórkem óner hám mádeniyat penen baylanıslı sistemalı bilimlerge iye bolıwı, sonday-aq bul tarawdaǵı mámleket siyasatınıń zárúr máselelerin biliwi, sociallıq mashqalalar hám proceslerdi erkin analiz qıla alıwı;
- Mámleketimizde hám jáhánde bolıp atırǵan waqıya hám hádiyseler haqqında ulıwmalıq kóz qarasqa iye bolıw, tábiyat hám jámiyet rawajlanıwı haqqında bilimlerdi iyelewi hám de olardan zamanagóy ilimiy tiykarlarda jumıs iskerligi barısında paydalana biliwi;
- Insannıń basqa insanǵa, jámiyetke hám qorshaǵan ortalıqqa kóz qarasların belgilewshi huqıqıy hám mánawiy usılların biliw, miynet iskerliginde qollana alıwı;
- maǵlıwmat jıynaw, saqlaw, qayta islew ham olardan paydalanıw usılların iyelegen bolıwı, óz miynet jolında erkin, ámeldegi nızamlarǵa tiykarlanǵan halda qararlar qabıl qıla alıwı;
- tiyisli bakalavriat jónelisi boyınsha básekilik ulıwma kásiplik tayarlıqqa iye bolıwı;
- jańa bilimlerdi ǵárezsiz iyeley biliwi, óz ústinde islewi hám miynet jolın ilimiy tiykarda shólkemlestire alıwı;
- salamat turmıs tárizi hám oǵan ámel etiw zárúrligi tuwrısında ilimiy kóz-karas hám de isenimge, ózin fizikalıq shınıqtırǵan oqıw kónlikpelerine iye bolıwı lazım.

**Qabıllaw komissiyası juwaplı xatkeri** **P.Abdramanov**